

Idantifikasyon federal pou paran/responsab fè sou etnisite ak ras elèv (Fòm PSE)

Pou Paran/Responsab:

Lwa federal egzije pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (*New York City Department of Education, NYCDOE*) pran ak mete nan dosye idantite etnisite ak ras elèv lekòl leta. Yo itilize enfòmasyon sa a pou yo bay lekòl pitit ou a finansman, anplis lòt bagay, epi yo kenbe enfòmasyon an konfidansyèl ak an sekirite.

Nou bezwen èd ou pou fè travay sa a. Tanpri reponn kesyon sou idantifikasyon etnisite ak ras ki nan do paj sa a. Premye kesyon an ba w yon chans pou fè konnen si pitit ou a gen orijin ispanik, latino oswa panyòl. Dezyèm kesyon an ba w yon chans pou fè konnen ras pitit ou a. Gouvènman federal bay opsyon pou ka chwazi. Tanpri reponn toude kesyon yo.

Nou konprann nati sansib pwosesis la. Opsyon yo ka pa reprezante yon deskripsyon konplè oswa presi sou pwòp idantifikasyon etnisite oswa ras fanmi w. Nou ankouraje w pou itilize bon sans ou lè w ap chwazi opsyon yo. Si w deside pa raponn, règleman federal mande pou estaf lekòl NYCDOE pou reponn nan plas ou.

Enfòmasyon sou ras ak etnisite elèv jwenn pwoteksyon anba règleman sou konfidansyalite nou site anba paj sa a.¹

Mèsi pou kolaborasyon w.

Eksplikasyon pou paran ak responsab elèv:

Tanpri ranpli fòm ki nan do paj sa a, epi voye l tounen nan lekòl pitit ou a.

Eksplikasyon pou estaf lekòl la:

Klase fòm ou ranpli a nan katab ki gen tout enfòmasyon elèv la kòm enfòmasyon konfidansyèl.

¹ **Pwosedi ak règleman sou Konfidansyalite:** [Lwa Edikasyon sou Dwa ak Respè Vi prive Fanmi \(Family Educational Rights and Privacy Act\)](#) (FERPA) ak [Règleman Chanselye A-820 \(Chancellor Regulation, A-820 CR\)](#) entèdi aksè san otorizasyon ak piblikasyon enfòmasyon nan dosye elèv ki ka idantifye yo swa avèk non elèv la swa avèk nimewo idantite elèv la .

Idantifikasyon federal pou paran/responsab fè sou etnisite ak ras elèv

- Tout elèv ki gen laj ant 5 ane ak 21 ane gen dwa pou jwenn edikasyon leta gratis.
- Lwa federal egzije pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pran ak anrejistre idantite etnisite ak ras elèv lekòl leta.
- Yo pa ka refize pran timoun nan yon lekòl leta poutèt ras li, koulè po li, kwayans li, peyi li sòti, sèks li, sèks li idantifye tèt li, poutèt li ansent, kondisyon imigrasyon/sitwayènte li, andikap li, oryantasyon seksyèl li, relijyon l, oswa etnisite l.²

ESTAF LEKÒL LA : TANPRI RANPLI SEKSYON SA A

Non elèv la: _____
(Siyati, non, inisyal)

Dat nesans: ____/____/____
(Mwa/Jou/Ane)

Non lekòl la: _____

Nimewo Distri Borough a: ____/____/____

Nivo klas: _____

Kòd Kou Ofisyèl: _____

Nimewo Idantifikasyon NYC Elèv la: _____ - _____ - _____

PARAN OSWA RESPONSAB: TANPRI RANPLI SEKSYON SA A

Tanpri reponn **toude** kesyon 1 ak 2 yo. Tanpri li yo anvan w reponn yo.

Pou kesyon 1, tcheke kazyè ki dekri pitit ou a.

1. **Èske elèv la se ispanik, latino, oswa orijin panyòl?** Ispanik, latino oswa orijin panyòl vle di yon moun ki sòti Kiba, Repiblik Dominikèn, Meksik, Pòtoriko, Amerik santral oswa Amerikdisid, oswa lòt kilti orijin panyòl, kèlkeswa ras li.

☐ **WI, Ispanik**

☐ **NON, pa Ispanik**

*Pou kesyon 2 a, tyeke **tout** bwat ki valab pou pitit ou.*

2. **Chwazi youn oswa plis ras nan senk gwoup ras sa yo.**

☐ **ENDYEN AMERIKEN OSWA NATIFNATAL ALASKA** : Yon moun ki gen orijin nan nenpòt nan premye moun ki t ap viv ann Amerikdinò ak Amerikdisid (ladan Amerik santral). (**Kòd ATS : B**)

☐ **AZYATIK**: Yon moun ki gen zansèt pami nenpòt nan premye moun ki sòti Far East, Azi Sid Ès, oswa Sou-Kontinan endyen paegzanp, Kanbòdj, Lachin, End, Japon, Kore, Malezi, Pakistan, Filipin, Taylann, ak Vyetnam. (**Kòd ATS : C**)

☐ **NATIF AWAYI OSWA MOUN LÒT ZILE PASIFIK**: yon moun ki gen zansèt li pami nenpòt nan premye moun ki t ap viv Awayi, Guam, oswa lòt zile Pasifik. (**Kòd ATS : D**)

☐ **NWA**: Yon moun ki gen zansèt li pami nenpòt nan group ras Nwa Afrik yo. (**Kòd ATS : E**)

☐ **BLAN**: Yon moun ki gen zansèt li pami nenpòt nan premye moun Ewòp, Afrik Nò, oswa Mwayen-Oryan. (**Kòd ATS : F**).

Siyati Paran/Responsab/Lòt moun/Estaf lekòl la ki prezan: _____ Dat: _____

Lyen ak elèv la:

☐ Paran

☐ Lòt (espesifye): _____

☐ Responsab

☐ (Non) Estaf lekòl la ki prezan: _____

² Yo ka konsidere ras kòm yon faktè pou yo pran yon elèv nan yon lekòl dapre lòd tribinal sèlman ; sèks (fi/gason) se yon faktè sèlman nan lekòl ki pa mik. T&I-30775 PSE Form (Haitian Creole)